

**Алиев ГӀапуран – 70 шо**

БУРЧАЕВ Хьаьлим

«Ас цкъа а ца яздо сайна цагинарш…»

(Эссе)

Алиев ГӀапур… Ткъех шо хьалха цхьа тийна-тапъаьлла ша нохчийн поэзе ма-варра, иштта тийна-таьӀна, хӀинц-хӀинцца вайна юкъара бакъдуьнене дӀаваханчу оцу поэтан васт а, цо шел тӀаьхьа дитина дош а шайна тӀе тидам бохуьйтуш, шайх лаьцна ойланаш йойтуш, хаттарш хӀиттош, жоьпаш лоьхуш хир ду цхьа хан яьлча а. Иштта хирг хиларх шеко яц вайн. ГӀапура Ӏаламат дукха аьлла шен заманах, шен дуьненах, шен махках, вайх а лаьцна, цундела цуьнан синлехамех, сатийсамех кхетар, царна тӀаьхьакхиар ду-кх хӀинца вайна дисинарг. ГӀапур нохчийн исбаьхьаллин меттан говзанча, дика поэт воллушехь, цуьнан цӀе а, байташ а цуьнан юй хууш евзаш яцара Нохчийчохь, кхечу поэтийн стихаш санна. Ткъа муьлхха а хьекъалча, адамийн тидам шена тӀеберзош, уьш тӀебоьхуш, царна гӀодеш, церан синхаамаш а, дегӀан ницкъаш а карзахбохуш ма-хуьлу, цуьнан шайн дуьхьа вагаран, син ницкъан серлоне кхача лааран шовкъехь. Ткъа иштта хӀунда ца нисло гуттар а? Алиев ГӀапурах шех аьлча, цуьнан заманхой – вай ду-те цунна бехке я цо оццул дукха, даггара лазамца шен иллешций, байташций хестийначу Нохчийчу хӀокху тӀаьххьарчу ткъа шарахь хьаьвзинчу бохамийн дарц ду-те? Я Алиев ГӀапуран шен бехк бу-те и, цхьаболчу яздархошна санна, шена цӀе ян ца хууш хиллачу, шен исбаьхьа байташ меттиг болчохь я боцчохь а дӀакхайкхо, нахалаяха корматалла ца хилла волчу? Хаац… Амма, вайна лууш а, ца лууш а, ГӀапуран шен а, цуьнан говзарийн а мах замано хадор бу, шо-шаре мел долу замано и тӀе а чӀагӀдийр ду. Цуьнан говзарийн, дахаран некъан къайленна тӀаьхьакхиа, уьш довза, талла гӀертар ю вайн дуккха а тӀаьхьенаш. И баккъал а воккха поэт шен заманахь вевзаш а, воьшуш а хӀунда ца хилла а къастор ду, аьтто болчара шайн киншкаш арахоьцучу заманахь ГӀапурна шен гулар зорбатоьхна ган доьгӀна цахиларан бахьана а девзар ду.

Суна дуьххьара Алиев ГӀапуран байташ евзира, аьлча а, цо ша дӀаолуш иллеш хезира Ӏ996-чу шарахь. Ӏаламат чолхе, кхераме мур бара и Нохчийчохь. Кхузахь «конституционни къепе» яра хӀетахь дӀахӀоттош, маьршачу бахархошний, маьршачу ярташний, гӀаланашний а тӀе хӀоъ-молха дассош. Цкъа арен тӀера лома хьалабовдуш, тӀаккха юха арен тӀехь кхерамаза меттиг лоьхуш, бӀарзделла хьийзара вайн декъаза халкъ. Мискачу бахархошна кхетара схьатухург а, дӀатухург а. Шу оьрсашкахьа девлла бохуш, хьийзабора федеральни эскарша дӀалецначу ярташкара бахархой тӀемалоша. Шу тӀемалойн агӀо лоцуш, царна къайлах гӀодеш ду бохуш, хьийзабора юха а уьш оьрсийн эскархоша. Ӏаьхча – барзо боь ша, ца Ӏаьхча – Ӏуьно боь ша баьхначу Ӏахаран хьоле хӀиттийнера шина а агӀорчара бехк-гуьнахь доцу маьрша адамаш.

Алиев ГIапуран иллеш оцу муьрехь орцанан аз дара вайна массарна, Нана-Нохчийчоьнна а. Харцо, гIело, ницкъбар дара хIетахь вайн махкахь букар бохь боьгIуш. Талош дара вайн латта, бIаьрзечу къизалло хьередина хьийзара адамаш. Цхьана а кепара чаккхе ца гора оцу баланех хьалхадовла. Ванах, хIара дан а хIун ду-те? ГIенах я самах а иштганиг хир ду аьлла, хьанна моьттура? Я моьттича а, хир ду аьлча а, мила тешар вара?

Йохийна хьан ярташ, ягийна гIаланаш,

Сийсазбо мехкарий, хIаллакбо хьан кIентий.

Дакъаза ма яла, сан хьоме Нохчийчоь,

Маццалца хьийзар-техь хьан керта мостагIий?! –

ГIапуран-илланчин тийно-гIоргIа аз хезара нохчийн ерриге а ярташкахь, шахьаршкахь. ХIора денна Iожалло каетташ дIахьочу нохчийн кIентех, мехкарех, кегийчу берех дог Iийжаш, царна орца кхойкху иллеш дара уьш, рогIера шен балахьегарх Нохчийчоь юха а доьналлица чеккхъериг хиларх вайн дегнаш чу тешам а бижош:

Къоркхокхий декар ду цу нохчийн хьаннашкахь,

Ламанан баххьашкахь лечарчий ловзур ду.

Дависа хьан делаI, сан хьоме Нохчийчоь,

МостагIех цIанъелла хьо хьанна гур ю-те?!

Хинйолчу паргIатонах нохчийн халкъо мел беза мах бала дезар ду шера гуш хиллера ГIапурна. Иттанаш, бIеннаш, эзарнаш вайн махкахой дIабаьхьира вайна юкъара оцу ирчачу шина тIамо, ткъа догIмаш, синош заьIап динарш мел дукха бисина баха а. «Маржа яI, заманаш», «Сийна хьоза», «Езаш ца хилла хьо…», «Ма сиха…», «ЙоI-тIемало», «НеIалт», «ВорхI са», «Ас цкъа а ца яздо сайна цагинарш…» «Ма елха, нана», кхийолу а стихаш хьалхарчу тIеман шерашкахь язйина, царах цхьаерш иллин мукъамашкахь ГIапура а, кхечара а дIааьлла ю.

Халкъо сатийсамца, боккхачу тешамца, дегайовхонца тIеоьцура уьш хIетахь, хIунда аьлча тIеман гIелаллин хьолехь бохкучийн синхаамашна жоп луш уьш хиларна. Бакъдерг аьлча, хIетахь тIамна дуьхьал, Алиев ГIапура санна, майра, сацамболуш дош олуш, и дIакхайкхош кхин цхьа а вацара. «ЦIе яьлла Нохчийчоь йогуш, орцане мохь беттар» хилла дека ГIапуран иллеш халкъана гергара, оцу халачу муьрехь чIогIа оьшуш а дара, хIунда аьлча:

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш –

Iадийна цIогIа деттар ду.

Пондаран мерзаш дац декарш –

Декашдерш синпхенаш ду,

– бохуш, хезаш долу ГӀапуран таьӀна-гӀоргӀа аз дан а дара вайх хӀораннан а синпхенаш дулуш, уьш декош. Цуьнан иллеш, цо ша ма-аллара, «гӀаддайна узарш», «къоман бӀаьрхиш», «мостагӀна герз деттар», «орцане мохь беттар», «кӀиллой сийсазбар», «къонахий хестабар» хилла ца Ӏара, уьш халкъ лийриг цахилар, Даймахке шен доза доцу безам гайтар а дара:

Иллеш дац, иллеш дац ас бохурш –

Толамна тоьшалдар ду,

Нохчийчоь, хьо сайна езар

Адамашка кхайкхадар ду.

И хӀетахь дара, хьалхарчу тӀеман а, и чеккхбаьллачул тӀаьхьа а даьхкинчу шерашкахь. Со а вара Алиев ГӀапуран иллеш дезаделлачех, оцу илланчин похӀма къобалдечех. Суна иза

цкъа а гина вацара, амма вевзаш вара халкъан илланча санна, тlамо синхаамаш карзахбаьхна, харцонна дуьхьалхlотта доьналла кхаьчна къонах санна. Наг-наггахь Гlапуран хьалхалера иллеш хазар бен, кхин цо яздина керланаш ца девзара суна. Цуьнан тийна-гlайгlанечу мукъамаша сан иэсехь карлабохура дlабаханчу тlамо гуттаренна а битина дагалецамаш, цу бохамо эхарта дlабаьхьна я заьlапбина гергарнаш, доттагlий, бевзарш а. Ткъа машаре ю боху хан а яцара маьрша. Хезаш, схьагушдерг нохчийн керла баьччанаш вовшашца цатарбалар, уьш вовшех цабашар, цара мискачу халкъехь латтош йолу гlело-харцо яра. Тlеман бала шен белшаш тlехь лайна миска халкъ гуш я хезаш аддам а вацара, ницкъ шайгахь мел берш, цlубдарш санна, хlинца а тlеман тохарийн чевнаш дlаерзазчу Нана-Нохчийчоьнах шайна йолург схьаяккха, цуьнан цlий мийла тlелетта бохкура.

Тlаккха юха а Делан оьгlазло хилира. Хьалхарчул а къиза, бохаме хилла хьаьвзира тlеман шолгlа гуо. Юха а lенира бехкбоцчийн цlий, лаьттаца дlашарйира ярташ, гlаланаш.

Со хlетахь Шелковски кlоштара Червленнехь вехаш вара, тlамо хlусамаш йохийна, l997-чу шарахь дlавахана, меттигерчу школехь хьехархочун болх беш. 2003-чу шеран гурахь Соьлжа-гlала веана волуш, сайн накъостий-яздархой ган лиъна, «Орга» журнале веара со. «Вайнах» а, «Стелаlад» а журналаш а хиллера цунна лулахь, Толаман проспектехь (хlинца – Путинан). Хlетахь «Вайнах» журналехь болх беш волчу Ибрагимов Лоьмин (Канташ) кабинет чохь гира суна иза дуьххьара, бакъду, хlетахь суна ца хаьара иза ас лоруш волу илланча Гlапур вуйла. Сирла-цlена юьхь-сибат долуш, еха къоьжа месаш, лекха, товш дегlахь стаг вара, Лоьмас: «Хlара Алиев Гlапур ву», – аьлла, суна вовзийтинарг. Эсала хьажар, догцlена велакъажар долу иза даго дуьххьара гичхьана дуьйна тlеоьцуш болчу нахах вара. Жимма къамелаш а дина, дlасакъаьстира тхо. Тlаккха «Орга» журналехь цуьнан коьрта редакторца Минкаилов Эльбрусца бартхилира сан тlедогlучу керлачу шарахь дуьйна ас кхузахь отделан редакторан болх дlаболош.

2004-чу шеран юьххьехь со «Органе» схьавеъча, кест-кестта вовшийн гар хуьлура журналийн белхахойн. Цига кхочура поэт Талхадов Хьамзат а. Иза сан ненан шичин кlант а хиллера, Гlоьрдалара схьавалар а долуш. Мичара, хьенан ву аьлла, тхойшиннан къамел тасаделча, гергарлонан уьйраш а карийна, тlекаре чlагlъелира сан Хьамзатца. Ша lаламат дика поэт а хиллера иза, хlинццалц зорбане ца волуш lарна, башха вевзаш а воцуш. Суна йоьшура цо шен байташ. Цкъа тхойшиъ «Орга» журналехь волуш, «Алиев Гlапуран стихаш муха хета хьуна?» – аьлла, хьаьттира цо соьга. Ас, цуьнан стихаш сайна ца евза, элира. «Муха-ца евза? – цецваьлла, суна тlевогlавелира Хьамзат. – Хаза а ца хезна хьуна уьш?» Ца хезна аьлла, мукlарло дира ас. «Дика ду, ас йовзуьйтур ю хьуна уьш-м», – элира Хьамзата. Цул тlаьхьа кlеззиг хан яьлча, «Органан» l999-чу шеран жима номер йохьуш веара иза: «Хlорш ю хьуна Гlапуран стихаш. Еша а еший, тlаккха хьайна хlорш муха хийтира алахьа соьга». Оцу дийнахь, кхин цхьа гlуллакх хьалха а даьлла, и

стихаш еша ца ларийра со.

ШолгIачу дийнахь делкъеян дагахь со редакцера араваьлча, некъаца йинчу аьчкан кертана юххехь гуттар санна лаьтташ ГIапур гира суна. Ас сайца кафе чу кхайкхира иза. ХIума а кхоллуш, цхьацца къамелаш деш тхойша Iаш, ас дийцира цунна Хьамзатца сайн хилла къамел. Вела а велла, «Сан стихаш-м кIадбоцург дара, иза ша мел дика поэт ву хаьий хьуна?» – аьлла, хаьттира ГIапура. «Дера хаьа, цо суна уьш еша а ешна, – жоп делира ас. – Къаьсттина дика йоьшу цо «Рожа» цIе ерг». «ХIун Рожа? – цецвелира ГIапур. – Иштта стих а ю цуьнан?» «Ю дера-кх. Хьуна ца ешна цо и? Цхьажимма дагахь а хаьа суна цуьнан могIанаш, ладогIал», – аьлла, еша волавелира со:

Рожа, шан хажа Рожа,

Ежа хьо шуна шайн шил дукха…

Кафе чохь мел верг цецваьлла тхойшинга схьа а хьожуш, чIогIа велар иккхира ГIапуре. Кхин дош ца алалуш, дукха веларна, бIаьргех хиш оьхура цуьнан. Цунна хазделларг ас, Хьамзата ма-аллара дешнаш а олуш, ешар дара: метта буьххьехь олура цо цхьадолу аьзнаш, цу тIе а цо шена лерина и стихотворени язйина йоI Роза а тхойшинна евзаш яра.

Редакце тхойша юхавогIучу новкъахь а воьлуш схьавеара ГIапур: «Декъаза ду-кха хьуна и шиъ хIинца дуьйна. Ас гIад-амал дойур ду церан, и байт йоьшуш», – элира цо, тхойша дIасакъаьсташ.

Талхадовс сайга делла журнал деша охьахиира со чу ма-вахханехь. «Къонахийн зама» цIе йолчу стихотвореница дIайолалуш яра Алиев ГIапуран байташ. Со цецвелира, суна

хууш дара и могӀанаш яздинарг илланча ГӀапур вуйла, хӀетахь дуьххьара уьш иллин мукъаме а дерзийна, Ӏаламат говза а, дика а дӀаэлира йишлакххархочо Рамзаева Бирланта, массарна дукхадезаделла а дара и:

… Майралло дахчийна, къоман барт чӀагӀбина,

Нохчийн сий айинчу хьайн денойн дуьхьа,

Тхо сийсаздовларах лардала Ӏаммалца,

Собарде, сих ма ло, къонахийн зама.

Цунна тӀаьхьайогӀурш а йиишира ас. Шеко яцара, церан автор а и илли даьккхинарг хиларх: яздаран хатӀ а, меттан башхаллаш а цхьаьнайогӀура оцу байтийн. Со сихха «Вайнахе» вахара.

ГӀентан букъа тӀе а тевжина, куьйган пӀелгашца стоьла тӀехь вотанан мукъам тӀаьхьара а балош, йиш лоькхуш Ӏаш вара ГӀапур:

…Рожа, шан хажа Рожа,

Ежа хьо шуна шайн шил дукха…

– Ма кIордийна, хьех-мерах чекхъяьккхина-кх ахь суна и эшар. И а йитий, хьайна хаахь, кхиниг лакхахьа, – бохуш, дехарш деш, шен стоьла тIера кехаташ кегош, елакъежаш Iаш Роза а яра.

Со чоьхьа ма-веллинехь, кIажвахана велахIоьттира ГIапур. Ткъа ас, со ца кхетачуха, цхьажимма ханна ураме вала вайша аьлла, аракхайкхира ГIапур.

– ГIапур, – хаьттира ас цуьнга, – тIеман заманахь иллеш олуш хилла ГIапур вевзий хьуна?

– Ой, дера вевза, шен цIоканций а-м. ТIаккха…? – аьлла, вела а къиэжаш, дIахIоьттира иза.

– Иза хIинца мичахь ву? – юха а хаттар дира ас.

– Мичахь хир вара иза? Шен цIахь Iаш ву-кх. ХIун дора ахь цунах? Иза-м вайна бир-минот ялале схьакарор ву, нагахь хьуна эшахь.

ТIаккха сан шеко кхин тIе а чIагIъелира:

– ХIета, билггал хьо ву-кх и илланча ГIапур, – элира ас.

– Ой, ву дера-кх! Тера вац, ткъа, со цунах? – забаре хаьттира ГIапура…

ХIетахь дуьйна виллина цхьаьна хуьлура тхойшиъ. Белхан хенахь сарралц масийттазза вовшийн гойла хуьлура, цхьаьна охьа а хевшина, къамелаш деш Iан хан а хуьлура. Цо

шен стихаш гойтура суна, царах лаьцна хетарг алахьара олий. Бакъду, ша яздина дешнаш я могIа атта хуьйцур болуш вацара.

– Хаац суна-м, хьо бакълуьйш хила а ма тарло. Делахь а, хIара язъечу хенахь иштта ойла хилла-кх сан. Ткъа хIетахь соьгахь хилла хьал юха хир а ма дац, – олура цо, суна хьалха бехказвуьйлуш санна.

ТIаьхьо иза къера вара ша шен цхьайолчу стихаш тIехь мелла а кхачамбацарш дитина хиларна.

– Дала мукъалахь, ала хIума доцуш рифмаш а, дешнаш а нисдина, дика тойийр ю ас уьш, Дала могашалла лахь, – олура ГIапура.

Шен поэзи хьахийча: – ДIавалахьа, хьенех, уьш-м даккхий хIуманаш дацара - ас яздинарш-м. Дависа, Гадаев Мохьмад-Салахьан «Даймахке сатийсар», «ЦIен берд» я «Йоьжна дарта» санна йолу цхьа хIума язлахьара, – олий, шен сатийсам бовзуьйтура.

Амма шерра гуш хуьлура шен поэзех лаьцна хеташдерг алар, цуьнан дика я ледара агIонаш йийцареяр цунна тамбеш хилар. Беран санна, сирла-цIеначу велакъежарца ладоьгIура ГIапура шен говзарех лаьцна дечу къамеле, «ма дика ду-кх хьуна и иштта хеташ» юкъа-кара а олуш.

Цуьнан дукхахйолу стихаш I995-I999-чу шерийн муьрехь язйина ю, ма-дарра аьлча, уггаре а диканиш. И иштта муха нисделира аьлла, ас шега хаьттича:

– Гой хьуна, – элира цо, – со баккъал а тешна ма вара нохчашна маршо хирг хиларх. Со саннарш дуккха а ма бара. Амма дуьххьарлера тIом чекхбаьлча дуьйна сан шеконаш кхоллаелира вайна хьалхабевлла лелачарех, нохчийн гIиллакххашций, амалшций ца догIуш мел дерг цаьргахь ган доьлча. Ма-дарра аьлча, вайна тIом чубохьуш баьхкинарш а, кхузахь царна дуьхьалоян еза бохуш, кхайкхамаш бинарш а цхьабарт болуш хиллий-те олий, ойла йогIура коьрте кест-кестта. Суна къа а, кхоам а хета хьалхарчу тIамехь хIаллакбинчу вайн къоначех, иштта массарех а. Шайн синошца, догIмашца, ойланашца

цIена кегийрхой ма бара сила доккхачу эскарна дуьхьал леттарш, баккъал а вайн маршоне сатесна белларш. Вайн баьччанаша хIун дира?.. ТIом дIа ма-бирззи, даржашший, гIанташший, бахамашший къийса хIитти-кх мецалгаш. Царна дага а ца богIура тIамо хIаллакбинарш, бохийна, талийна мохк, цIе-кIур боцуш бисинарш. ХIетахь Iедалехь бу бохучарна юкъахь сан накъостий, доттагIий бу бохурш а ма бара. ТIаккха сан цаьрца къовсамаш хила буьйлира, тIаьххьара а - дIасакъастар а. ХIетахь Нохчийчохь хIоьттинчу ирчачу суьрто садуура сан. Айса тIом болуш баьхначу иллех а догделира. Амма ца яздеш ца Iалора. Иштта хIетахь сайна гучух, сайна хетачух лаьцна язйина ю-кх сан дукхахъерш. Дош алаза Iан а ца велла язйинарш. Гуттар а сайн оьгIазло кIарг ца ялийта, юкъакара безамах я кхечунах лаьцна а язъеш…

Чекхбаьлла, чекхбаьлла, буьрса тIом чекхбаьлла,

ДIатийна герз деттар, къам паргIатдаьлла.

Ткъа сан дог, тем байна, хьо хIунда деттало?

ХIун гина? ХIун хилла? Стенах шекдаьлла?..

***

…Да велла диса шу, сан иллеш,

Да велла диса шу.

Шу дохуш ас йина ойланаш,

Аш дагна мел бина лазамаш…

…Да велла диса шу, сан иллеш,

Давелла диса.

Да велча, мохь тоххий делхалаш,

Кхин цкъа а ца декаш, совцалаш!..

***

Сан иллеш, чекхъели шун зама.

Сан зама, чекхъели хьо…

Чекхъели къонахийн зама,

ТӀейогӀу кхечеран хан…

Лаккхахь далийначу байтийн могӀанашкахь, иштта ГӀапуран кхийолчу стихашкахь а шера гуш ду вай юьйцучу заманахь цуьнан са а, дог-ойла а мича хьолехь хилла. Шен амалца ГӀапур харцонан, ямартлонан гӀолоцур долуш вацара. Цунна уьш хийра, къилахь дара. Стеган доьналла, собар, тешаме дош дара ГӀапура коьрта лоьрург. Ткъа кхидерш эрна хӀуманаш хиларх шен цӀийх доьлла дара цунна.

Хийла хан яьхьира оха ГӀапуран хӀусамехь, цуьнан комаьршачу хӀусамнанас Мархас хьалха шун а хӀиттош. Мархас олура соьга:

– Дуьйлийша ГӀапур волчу, цунна мел дуккхадеза шу! Гуттар а хьой, Хьамзаттий, Мовсаррий хьехош, сагатдо цо шуна мукъачу деношкахь.

Сой, нохчийн драмтеатран актер Атаев Мовсаррий кест-кестта воьдура цаьрга БухӀан-юьрта (Черноречье). Цига вогӀура ГӀапуран юьртахо, гергара стаг, берахьлера дуьйна доттагӀ волу филармонин артист Асхабов Ӏабдул-Хьаьлим а. ТӀаккха тхо тӀаьххьалц Ӏара, ГӀапурий, Ӏабдул-Хьаьлимий дечиг-пондар тӀехь иллеш олуш, литература а, искусство а хьехош. Цигахь тхох схьаккхетара ГӀапуран шича Султан а, лулахо Лом-Ӏела а.

Со Червленнехь вехаш волуш тхоьга хьошалгӀа богӀура уьш. ХӀетахь сих-сиха сан хӀусамехь хуьлура ГӀапур, Гамаев Ваха, Талхадов Хьамзат, Джаналиев Ӏимран, Минкаилов Эльбрус, Сентябриев Эми, Джамбеков ШаӀрани, Устарханов Ӏалви, кхин а. Тхан доьзална, сан къеначу нанна а, доккха самукъа хуьлура уьш баьхкича. УьйтӀарчу тхов кӀел охьа а ховший, сакъоьруш Ӏара тхо. Лулахой а схьагуллора. Цигахь охьа а ховший, ГӀапуран а, Ӏабдул-Хьаьлиман а иллешка ладоьгӀуш Ӏара уьш, тхо садаӀа, дӀадийша чудаххалц. Цундела и хьеший юха а баккаре сатесна хуьлура Червленнера

бахархой. ГIапур веъча, шайна хаийта олура цара тхоьга.

Шен уьйрийн гуонера цхьаъ кхелхича, и чIогIа холчадолура ГIапурна. Цундела хилла хир вар-кха иза тIаьхь-тIаьхьа дог дуткъалуш, тхуна массарна а чу са диллина, дашца хилла а, массеран догъэца гIерташ. Хала лайра цо шен уггаре юххерчу доттагIех цхьаъ – Талхадов Хьамзат – кхалхар. ГIапуран хIусамнанас Мархас дуьйцура: «Дийнна кIира даьккхира цо гуттар а иза хьехош». ХIетахь язйира цо шен уггаре дикачех цхьаъ йолу I52-гIа сонет:

ДоттагIий, доттагIий, шун гуо бу херлуш,

Шайх дагахьбалламаш суна буьтуш.

Iодикаяр а дац. Лаьттачохь оьгуш,

Со тIаьхьахьоьжжучохь латта вуьту.

Сингаттам базбелла, бIарзвелла висча,

Комаьрша куьг кховдо шу ца хуьлу.

Вай вовше дийцинчу хабаршлахь тилла,

Со дӀай-схьай хьоьжжучохь де тӀехтуьлу.

ДоттагӀий – ас йинчу ойланийн тешаш,

Сингаттам тӀаьхь-тӀаьхьа аш базбина.

Генара гушйолчу серлонех лепаш,

Шух дагалецамаш суна бисна.

Іодикаяр доцуш, цӀеххьана оьгуш,

ХӀун чӀир ю, кӀентий, аш соьгара оьцург?..

– Вайшимма Хьамзатан прозин а, поэзин а гуларш кечъян еза, – элира соьга ГӀапура. – Уьш арахеца гӀодан стаг воцуш ма вара иза, шен киншка зорбатоьхна ган а лууш. ХӀинца вайшимма тӀе ца лацахь, и кхочушдийр долуш аддам а вац-кх. Бакъду, уьш арахеца таронаш йолуш вайшиъ а вац, делахь а, хьанна хаьа, киншкаш кийчча хилча, цхьаъ вала

а ма мега и гӀуллакх кхочушдан. И болх биэ вайша? Цунна дуьхьал эвххьаза гӀур вар-кха тӀаккха…

Со тӀетайра ГӀапурна. Цул хьалха, Хьамзат кхалхале, тхойшинга дийцинера ГӀапура, шен йишина компенсаци ду лур долуш, цо киншка арахеца ахча лур ду аьлла шена бохуш. Амма и компенсаци далар а хьеделира. ТӀаккха 20l0-чу шарахь ГӀапурна нохчийн меттан денна лерина цхьа бӀе эзар сом преми елира. Цунна ма-луъу киншка арахеца кӀезиг дара и. Цо и ахча йохк-эцарна юкъадиллира, амма бизнесехь а ма веза цунна охӀла стаг, кхин башха пайда тӀе ца болуш лаьттира и гӀуллакх а.

Цкъа дуьххьара Талхадовн стихаш кечйира охашимма, бакъду, уьш а ерриге схьагулъян ца кхиийра. Царал тӀаьхьа цуьнан проза вовшахтоха дагахь а вара.

– Цкъа хьалха Хьамзатниш зорбатухийла хир дацара-те, – сатуьйсура ГӀапура. – Цул тӀаьхьа бен сайниш я хьайниш арахеца бакъо яц аьлла хета суна вайшиннан, – олура цо, тӀаккха, со зуьйш санна, соьга леррина хьажа а хьожий, тӀетухура: – Реза ма ву хьо, схьагарехь. Вуьшта, кхин цхьаъ ду хьуна. Хьанна хаьа, сох хӀун хуьлу а, тӀаккха шолгӀа дукъ а хьан коча догӀур дуйла хаалахь, – велалора.

Суна ца товра ГӀапура цу кепара забарш яр. Цу тӀе а, дукха шера гуш дара иза могашалла тӀеттӀа оьшуш хилар. ШолгӀа тӀом болуш юххехь иккхинчу йоккхачу тоьпан снарядан гаьргаш яра цуьнан дегӀах йохкуш, схьаяха а ца баьхьна, лоьраша йитина. ЦӀеххьана йовхарш тӀейогӀий, юьхь цӀийлой, хьацар кхетий, иза гатвелла хьаьвзича, холчахӀуттура со а, цунна дан гӀо доцуш. Шех доглазарца долу сан хьажар а лоций, цхьа бер санна бехкала а воьдий, олура цо:

– Хаа-ц суна-м, кхоллал кхуллуш хилча, хӀара вайн догӀмийн чархаш аьчках кхолла езаш ма-хиллера…

ТӀаккха, Хьамзатан киншка вовшахтоьхна ваьлча, ГӀапуран ерриге говзарш кечъеш къахьийгира охашимма.

Вевзашволчу яздархочо, нохчийн литературин фонд схьайиллина, вайн яздархойн говзарш арахоьцуш волчу Мусаев Iалавдис Москва вигира ГIапур. Иза цига мел хала вахара, Iалавдина санна, суна а хаьа.

– Со муха гIур ву хIинца юха а цунна бале вала? Иза-м шен гIуллакх деш, кхин а дуккха а нехан гIуллакхаш айбина лелаш стаг вай. Иэхь ма хета суна цунах. – бохура цо.

Амма, Iалавди къар а ца велла, Москва вахара ГIапур, цунна дарбанаш а леладайтира. Хаъал могашалла тоелла цIавеара ГIапур хIетахь. Цу тIе а ГIапурна чIогIа оьшуш йолу компьютер а еллера Iалавдис цунна. ШозлагIа а цига больнице ваха везаш вара иза.

– Iалавдис юха а дIаккхойкху со. Ма ца лаьар-кха суна юха а сайх цунна бала бан, – олура ГIапура.

Цига гIуо бохуш, шега деш долу дехарш, цхьацца бахьанаш лехьош, дуьтура цо.

– Хьан иллеш - хьалхалернаш а, керланаш а - дIаязде вай, ГIапур, – кест-кестта олура ас цуьнга. – Ахь ма-аллара уьш кхечо дIаэр ма дац.

Цкъа цхьажимма могашалла а тойина, тIаккха цхьаъ дер вай, олий, дуьтура цо иза а.

ГIапур дуьнен тIе ваьлларг январан шолгIа де дара. Оцу дийнахь шен уггаре юххера накъостий ша волчу дIаккхойкхуш ламаст кхоьллинера цо пхи-ялх шо хьалха.

Оцу дийнахь I2 сахьт долуш цигахь дIагуллора тхо : Жанадди коьртехь волуш эвтархой, Талхадов Хьамзат, Гамаев Ваха, Давлетгириев Iабдулла, Сентябриев Эми, Атаев Мовсар, Гайтукаев Юсуп, Ширвани, Iабдул-Хьаьлим, со а гуттар хуьлура цигахь. ТIаккха хьалхий-тIаьхьий Ваха а, Хьамзат а дIаккхелхича, гуттар а чIагIделира тхан иштта цхьаьнакхетарш.

– Гой шуна, уьш дIабаха, вай а гIур ду. Цундела, ваьш дийна долччуьра, вовшех марзо эца ма еза вай хIокху дуьсу долчу дуьненахь, – олура ГIапура.

ТIаккха, иллеш олуш, стихаш а йоьшуш, цхьацца забарш а еш, самукъадоккхура тхешан. Тхох цхьаъ цига ца вогIуш висча, чIогIа дегабаам бора ГIапура.

2010-чу шарахь, 2-чу январехь цхьанхьа генна ваханчуьра сарахь цIа кхаьчна, кIадвелла со Iаш волуш, ГIапура соьга телефон туьйхира. Ас сайгара хьал дIадийцича:

– КIадвелла боху ахь хьо? – хаьттира ГIапура, цуьнан озехь беран санна дегабаам къаьстара. – Со-м Iийр вацара хьуна, хьан метта со хилча…, – кхин хIумма а ца элира.

Арахь Iаржъелла хан яра со новкъаволуш. Со вогIу я ца вогIу ас ГIапуре ала а ца элира. Со, гIала дIа а кхаьчна, шен хIусаман неIарх чоьхьаволуш шена гича, дуьхьал а хьаьдда, со къевллина мара а воьллина:

– Суна хаа ма хаьара, хьо, Маймина а дайна, суйнах схьабаьлла суй буйла! – элира цо.

Амма оцу цхьаьнакхетарех уггар а чIогIа иэсехь чIагIделла дисна суна 2011-чу шеран 2-гIа январь.

Гуттар а санна, ГIапуран хIусамехь гулделира тхо хIетахь а. ХIусамнанас Мархас хIоразза а санна комаьрша кечдинчу шуьнехь тхо Iачу хенахь хIусамда хIинццалц цкъа а ца хиллачу кепара самукъане, векхавелла хиларан тидам хилира сан (массара а тидаме эцна хиллера и).

Ша кIадвелла, шега садаIийта ца олуш, дуккха иллеш элира цо тхуна. ХIоккхул хьалха даима буса 7-8 сахьт долуш дIабухуш хилла хьеший I0 сахьт даллалц дIа ца бахийтира

ГӀапура. Ткъа со гуттар а иза волчохь буьйса йоккхуш соцура. Оцу буса сой, ГӀапуран юьртахо, поэт Турпалханов Вахий, Ӏабдул-Хьаьлиммий висира тӀаьххьалц сакъоьруш.

– Тховса санна самукъане цкъа а ца гина-кх хӀара суна, – элира соьга Мархас. – Дела реза хуьлда шуна, кхуза а даьхкина, цуьнан дог-ойла иштта айарна.

ШолгӀачу дийнахь Ӏабдул-Хьаьлим филармоне вахара, Марха а шен балха дӀаяхара. Тхо кхоъ висира чохь. Дог даста сихвелча санна, дуьйцура ГӀапура тхойшинна шен халачу бераллех лаьцна, тӀаккха къоначу хенахь СССР мел ю ша гездина некъаш, юха вайн драмтеатрехь а, кхечанхьа а ша бинчу балхах лаьцна.

ЙоӀана Фатимина лерина стихотворени а ю ГӀапуран «Йолахьа, БӀоба» цӀе йолуш, цуьнца Ӏаламат мерза юкъаметтигаш яра цуьнан.

Хьайн баккхий бӀаьргаш ца къерзош,

Фатима кхеро ца гӀерташ,

Тхо долчу йолахьа, БӀоба,

Хаз-хазчех туьйранаш дохьуш.

Цахиндерг хиндолчух дуьйцуш,

ВорхI ломал дехьенаш хестош,

Туьйранаш дийцахьа, БIоба,

Наг-наггахь Фатима хьостуш...

...Йицъяйта хIара ирча зама,

Йигийта туьйранийн махка,

Фатима кхойкху хьоь, БIоба,

Хаз-хазчех туьйранаш дийца.

Шел тIаьхьа Фатимас хIун лелор ду-те боху шен ойланаш а йостура цо тIаьххьарчу хенахь. Шен квартира цунна дIаелира цо, ткъа ша нехан хIусамехь вехаш вара.

Со, цIенош дIахIитто гIерташ, ка-мIараш етташ вуй хиъча: – Дала мукъалахь, хьо хьайн

хIусамаш чу воккхуш, сайн вешин санна, гIо лоцур долуш ву-кх со, – элира цо.

Иштта вар-кха ГIапур, хIоранна а орцахвала кийча, массарех доглозуш. Поэт а вара, бакъволу поэт, цхьа а шеко йоцуш. Дуьххьарлера байташ ша I994-чу шеран 28-чу ноябрехь, шен доттагIчун, вевзашволчу режиссеран Гузуев Хьуьсейнан тезетара цIавеъча, язйира ша бохуш, дуьйцура ГIапура. Цул хьалха а цхьацца забаре иллеш-м яздинера ша, амма Хьуьсейн кхалхаро цхьа кIорггера дагахьбаллам битира шена, бохура цо.

Елхалахь, елхалахь, елхалахь, езар,

Ас хьайга дийцинарш дага а лаций.

Хьайн дагна Iийжамаш сох бисна алий,

Елхалахь, мохь тоххий, нахала ялий...

...Хиллачех, хиндолчух елхалахь езар,

Сох диснарш дерриге дагар а дай.

Со ала цакхиъна диканна алий,

Елхалахь, мохь тоххий, нахала ялий...

Соьлжа-гIали чу 26-чу ноябрехь дуьххьара танкаш яьхкина, тIом хиллачохь вийнера ГIапуран доттагI. И вайн халкъан рогIерчу ирчачу бохаман юьхь яра. Цул тIаьхьа хьийза юьйлира Нохчийчохь тIеман кахьар.

Заманаш, заманаш, маржа-яI, заманаш,

Шу йицъеш, кхин бахка хир буй-те баланаш?

Баккъал а бакъдолуш гуш дуй-те мел гушдерш,

Я гIан ду хIиттош дерг шен буьрса гIаларташ?...

«Тахнено Iадийначу мискачу нохчашна» кханенаш хIун дохьуш йогIур ю-те бохучу хаттарша кхоьллира цул тIаьхьа язйинарш. ГIапура ша ма-яздарра, иза ца кхеташ йогIу заманаш, бакъду бохуш кхайкхош дерш а ду иза шайх ца тешаш, «Iаьржа Iаржо махкахь яржош, гондахь хьийза ардангаш» а.

Оцу масех шарахь ГІапура язйина стихотворенеш а, сонеташ а вайн махка боьссинчу баланех, гІайгІанех лаьцна ю. Уьш дерриге сих а, дагах а чекхдуьйлуш, цо язйина байташ шайн ешархо биэндацараллехь вуьтуш яц.

ГІапур, шен дешан жоьпалла хууш, цунна тІе тидам чІогІа бохуьйтуш вара. И иштта ца хиллехь, ешархочун даг чу дуьйшуш, лаккхара поэзи шайна чохь йолуш могІанаш цуьнан хир а дацара. Цунна масална дало догІу «Дененан туьйранаш» цІе йолчу стихотворенин дакъош:

Зил тоьхна, сан вахар нисдина,

Цхьа аз ду сан лерехь декаш.

ГІум-Азехь дено ас бийцинчу

Даймахках ойла ю хьерчаш:

«Сан жимниг, дІо генахь ДегІаста

Ю хьуна вайга цІа кхойкхуш.

Со кхузахь юьсур ю гІамаршца,

Сан дуьхьа вахалахь», – бохуш…

Денанас дуьйцу кIантана генарчу Нохчийчоьнах, цигарчу стигланах, шовданех, хьаннех лаьцна тамашийна хабарш. Исбаьхьчу туьйране санна ладоьгIу кIанта цо буьйцучу махках лаьцна долчу дийцаршка. Иза-м хIинца тоххар цIавирзина, оцу махкахь вехаш ву, амма:

…ГIум-Азехь денанас дийцина

Туьйра ду хIинца а дехаш.

Со, хIетахь сайн бабас Iехийна,

ХIинца а ву цунах тешаш.

Кест-кестта нислора гIалин урамашкахь, ГIапур а вевзий, цабевзарш бистхилар:

– ГIапур, Дела реза хуьлда хьуна иштта иллеш дахарна! Керланиш дIа хIунда ца олу ахь?

– хоттура цара.

– ГӀапур, суна хьан керла илли ма хезира хьастагӀа радио чохь, – олурш нисбелча, цо цецволий хоттура:

– Муха-керла илли? Ас дӀа-м ца яздайтина уьш.

«Нохчо ву со, нохчо ву. Кхиий вала, нохчо, бохуш, хьалакхиийна...», я, «Туфленийн кӀажоша цаьпцалгийн йиш лоькхуш...» иллийн дешнаш даладора тӀаккха вукхара.

– Делан вазаллора ца яздина уьш-м ас! – карзахволура ГӀапур. – Цхьа кхиниг ву шуна церан автор, хӀинца уьш сан коча ма дахкийталаш, – дехар а дора.

– ОьгӀаз ма эхахьа, ГӀапур, – генаваьлча а бур-бур деш схьавогӀу ГӀапур теван гӀертара со. – Хьан керла иллеш хаза лууш ма боху и цара, баккъал а и аз хьайчух тарделла.

Дахаррий, Ӏожаллий дуьхь-дуьхьал хӀиттош, къаьсттина Ӏожаллах лаьцна хаттарш шена а, ешархошна а хьалхахӀиттош йолу байташ дукха ю ГӀапуран. Царах лаьцна хаьттича: – Ӏожаллин чаччамаш ю вайна гондахьа етталуш, вай хоьржуш. Ӏимран, Хьамзат, Ваха, Хьасамби, кхиберш а цара лийци. Вайх хьалхара мила ву хууш дац. ТӀаьхь-тӀаьхьа гӀайгӀане мукъамаш бен язлац-кх соьга, – олура.

Мел вехар-те, дахар дезаш?

Мел хьоьшур-те латтанаш?

Мел ду-техьа дисна дезарш,

Янза йисна ойланаш?

Дагардаза дисна денош.

Со кхачаза стигланаш,

Синхьаам беш, генна кхийдарш,

Мел ду-техьа сан диснарш?

Хир буй-техьа, ойла Іовжош,

Къаьхьа-мерза безамаш?

Іуьйре яре сатесина

Хир юй-техьа суьйренаш?

Амма дахаре безам чIогIа бара цуьнан. Шен юьртахь, Мартанчохь, юьстаха керт-ков ийцира ГIапура, мукъа хан цигахь яккха. Тхо, шен накъостий, цига дIа а кхойкхуш, тхоьга кест-кестта вовшех марзо эцийта дагахь ву ша, бохура цо.

– ГIала юьтур ю ас, – олура, – наггахь бен цига а ца вогIуш. Юьртахь ас мел чIогIа язйийр ю ца хаьа хьуна.

Ша кхалхале цхьа бутт хьалха чIогIа цомгаш хилира ГIапур, больницехь а Iиллира. Цигара ара ма-велли, юха а балха волавелира.

– Гуттар чIогIа лазар деана, ша гатвелча, шен дерриге йозанаш хьоьга дIало элира цо, – дийцира ГIапуран хIусамнанас Мархас. – Хьоьл доггах царна тIехь болх бийр болуш цхьа а хир воций хаьа шена, бохура.

ХIетахь со дуьххьара шекволира ГIапурах, кхелхинчу тхан доттагIаша бинна «тешнабехк» иза ша а бан воллий-те аьлла. Со тIаьххьара иза волчу воьдуш ша Iачу квартире хьалаболучу лами тIехь масийттазза садаIа сецира иза. Цул тIаьхьа деанчу деа-пхеа дийнахь, юьхь-бос мелла а тобелла хеталуш, хийцавелла а вара. Дог-ойла гIеххьа айаелла а хеталора.

14-чу мартехь дийнахь сарралц цхьаьна дара тхо. Минкаилов Эльбрусан кабинет чохь а Iийра, цхьана поэтан керла киншка юьйцуш. Сарахь 5 сахьт даьлча со телевидене ваха везаш вара. Ша волчу вогIур волуш Атаев Мовсар ву, цига дIавоьллахь ГIапура соьга а аьлла, лифта хьалха дIасакъаьстира тхо. Буса 8 сахьт даьлча соьга телефон а тоьхна, шаьшшиъ соьга хьоьжуш Iаш хилар хаийтира суна ГIапура.

Со балхахь хьевелира. Эххар а, II-гIа сахьт доладелча мукъавелира со. ГIапура юха а зIе туьйхира соьга.

Сайчух тховса гIуллакх ца хуьлу, хIинца вайна хан а яьлла, кхана цхьаьнакхетар вай аьлла, бехказвелира со. Суна гушберг БухIан-юьрта бан беза беха некъ бара. Суо Iашволчу квартире вахара со.

Iуьйрана 5 сахьт долуш телефонан горгали бекча, цхьа тамашийна, даго цхьаъ хьоьхуш санна, чам байра суна. ЗIене ваьлларг мила ву сайна ца хуъушехь, со тешна вара билггал цхьа вуон болх хилла хиларх. Иза Iабдул-Хьаьлим хиллера.

– Хьенех, – салам а ца луш, гIийла элира цо, – иза дIаваьлла…

Лов-в аьлла, дегIе зуз хьаьдира, цо вуьйцург ГIапур бен хуьлийла а дацара, амма дагна билггал иза хиларх теша ца лаьара.

– Мила?.. Мила ву дIаваьлларг?.. – хьаьттира ас, и ирча кхаъ тIеэца ца лууш, гIенаха мукъана а хир дац-те хIара аьлла, ойла а хьодуш коьрте.

– ГIапур…, – кхин хIумма а ца олуш дIахадийра Iабдул-Хьаьлима къамел.

Дикка Iийра со сайна хезначух теша ца лууш. Арахь серлаяьлча, балконан неI а йиллина, хIаваэ велира. ХIара гIала, дерриге дуьне а цхьа дассаделла, хийра хетара, гондахьа гуш мел дерг цхьана а маьIнехь ца хетара.

ГIапурца мел яькххина хан дагалоьцура, цуьнан оьзда, самукъане забарш, цуьнца цхьаьна дIасавахар, охашимма вовшашца вайн литературех, исторех лаьцна дина къамелаш, цхьацца хаттаршна тIехь хилла къийсамаш а. Суна дагадогIуш, цхьана секундана а цунна оьгIазвахар, дегабаамбар ца хилла сан даг чохь. Ледара, осала хIума дезаш ма вацара ГIапур, сох я кхечуьнах иштtаниг даьлла меттиг нисъелча, цхьанне

хала а ца хоьтуьйтуш, и кхачамбацар хьахо а, цунах ларвалар хьеха а хаьара цунна.

Телефонан горгали бийкира, иза поэт Ясаев Леча хиллера. «Бакъдуй суна хезнарг?» – аьлла, хаьттира цо. ТӀаккха хьалхий-тӀаьхьий схьаетта йолийра телефонаш. ГӀапур кхалхар массарначул хьалха суна хуур ду аьлла хетта, цу хаамо дог Ӏовжийна, муха, маца хилла и бохуш, хоьттура хӀорамма а.

ТӀаккха тезета дахара ГӀапуран юьрта, Мартанчу. Цуьнан хӀусамнене Мархе кадамбан тӀеваха ца хӀоьттира со, сайн собарх суо вохарна кхоьруш.

Зорбанан цӀийнехь ГӀапур мел вевзинчара кадамаш бора соьга, ткъа тхан редакцехь-м баккъал а тезет дара. Умарова Асетций, Махмаева Маликиций а дара цуьнан вешин йижаршца санна мерза гергарло. Делкъе гуттар а тхо долчохь дӀахьора ГӀапура.

Цхьа кӀира хан яьхьира оха цул тӀаьхьа, хӀинццалц санна, тхан редакцехь, вовшийн хьийзош, забарш еш, охьа ца ховшуш.

ГӀапуран хиллачу кабинет чу ваха ца лууш хан а яьхьира, иштта цуьнан иллешка ла ца догӀалуш а. Амма хууш ма-хиллара, виснарг ца Ӏийча ца волу-кх, шен де тӀекхаччалц.

ГӀапуран вашас ГӀанис арахийцира цуьнан хьалхара киншка – оьрсийн маттахь язйина сонеташ – иза кхелхина кхо бутт кхочучу хенахь. Цул тӀаьхьа ас кечйина дӀаелла нохчийн яздархойн Союзе ГӀапуран драматургин а, стихийн, сонетийн а кхо киншка. Иштта Нохчийн Республикин арахьара зӀенийн, къоман политикин, зорбанан, хаамийн а Министерствос шен чоьтах зорбатоьхна тхан доттагӀчун Талхадов Хьамзатан гулар. Яздархойн Союзо арахийцира цуьнан шолгӀа киншка а. Оцу дерригено а дагна боккха хьаам бо суна, цушимма оццул сатийсина киншкаш эххар а зорбанехь араяларна, цу тӀе а ГӀапура соьга дина весет а кхочуш ма хуьлу. ТӀаккха со юьхькӀайн гӀур ву цушинна дуьхьал олий, ойла хуьлу сан.

ГӀапуран поэзи вайзаманан теш хилла юьсур ю нохчийн литературехь. Нохчийн халкъан евзаш йолчу историехь уггаре чолхе, кхераме беана мур бу цо шен поэзехь а,

драматургехь а гайтинарг. Ша веха зама дика евзаш, кхузарчу хиламийн теш хилла волчу ГІапуран стихашкахь вайна го Нохчийчоьне, шен халкъе безамах, цунах доглазарх юьзна уьш хилар. Цуьнан кхолларалла – вайн заманан куьзга ду, ма-дарра аьлча, Нохчийчохь хьалхий-тІаьхьий дІабаханчу къизачу шина тІеман, церан тІаьхьалонийн куьзга. Оцу ирчачу хиламех а, иштта дахарх, даймахках, доттагІаллах, безамах а лаьцна Алиев ГІапура язйина байташ, дІааьлла иллеш а нохчийн исбаьхьаллин дешан хазна тІеюьзуш хир ду.

ДоттагІаллин, безаман, гергарчийн уьйраш хедайо-кх Іожалло. ДІаваха везаш хІора а ву вайх. Амма со цІенчу даггара хьоьгу, ГІапура санна, шех ала дика дош а, ша аьлла хьекъале, оьзда дош а дуьтуш, дІа мел баханчех. Везачу Дала эхарт декъалдойла церан, царна тІегІур долчу вайн а!